### Нациты хъуыддæгты фæдыл агентады хъæппæрис

## Бæстæйы адæмты иудзинадæн

**4 августы Мæскуыйы арæзт æрцæудзæн æрвылазон фестиваль "Многонациональная Россия". Ацы дзыллон мадзал арæзт цæуы Нациты хъуыддæгты фæдыл федералон агентады хъæппæрисæй.**




"Æрвылаз дæр фестиваль "Многонациональная Россия" свæййы нæ бæстæйы адæмты иудзинады бæрæгбон. Ацы хатт дæр афтæ кæй уыдзæн, уый дызæрдыггаг нæу. Фестивалы архайджытæ æмæ уазджытæй алкæмæндæр фадат уыдзæн не стыр бæстæйы бирæ адæмты хæдбындур æмæ хъæздыг культурæ æмæ аивадимæ базонгæ уæвынæн", — фестивальмæ цæттæдзинады фарстатыл дзургæйæ, фæнысан кодта Нациты хъуыддæгты фæдыл федералон агентады разамонæг **Игорь Баринов**.

Фестивалы оргкомитеты минæвар куыд радзырдта, афтæмæй боны дæргъы фестивалы фæзтыл цæудзысты зындгонд артисттæ æмæ сфæлдыстадон коллективты концерттæ, алы регионты минæвæрттæ мæскуыйæгтæ æмæ горæты уазджыты зонгæ кæндзысты æрмдæсныты куысты сусæгдзинæдтимæ...

Фестивалы мадзæлттæ райдайдзысты 4 августы 10 сахатыл Пушкины фæзы.

**Нæ уацхæссæг**

## Къамты равдыст

**Уæрæсейы Нациты хъуыддæгты фæдыл федералон агентады хъæппæрисæй арæзт цæуы къамты дыккæгæм дунеон конкурс "Русская цивилизация".**

Нациты хъуыддæгты фæдыл агентады разамонæг **Игорь Баринов** куыд радзырдта, афтæмæй фыццаг ахæм конкурс арæзт æрцыд фарон. Уæд сæ цымыдисаг куыстытæ конкурсмæ æрбарвыстой 2 мин авторы 28 бæстæйæ. Конкурсы æдæппæт æвдыст цыд 10 мин къамæй фылдæр. "Мæ зæрдæ дарын, ацы аз конкурсы архайджыты нымæц ноджы фылдæр кæй уыдзæн, ууыл", — фæнысан кодта Игорь Баринов.

Конкурсы оргкомитеты минæвары ныхасмæ гæсгæ, 23 июлæй фæстæмæ къамисджытæн фадат ис сæ куыстытæ сæрмагонд сайтыл равæрынæн. Уыимæ, алы автораен дæр ис конкурсмæ 5 куысты бæрц бадæттыны фадат. Конкурсы номинацитæ сты ахæм: "Уникальная природа", "Лица и поколения", "Традиции большой страны", "Архитектура и скульптура" æмæ "Народное творчество".

Сфæлдыстадон ерысы уæлахиздзаутæ сбæрæг уыдзысты сентябры. Конкурсон жюрийы уæнгтæ сты зындгонд уæрæсейаг æмæ фæсарæйнаг къамисджытæ, нывгæнджытæ, журналисттæ æмæ æхсæнадон архайджытæ. Конкурсы уæлахиздзаутæ æмæ лауреатты куыстытæ фæззæджы æвдыст æрцæудзысты Мæскуыйы.

Конкурсы тыххæй бæстондæр базонæн ис йæ официалон сайты: www.rus-civilization.ru.

**Нæ уацхæссæг**

### Хъæууон хæдзарад

## Фермертæн — æххуыс

**Ацы аз программæтæ "Начинающий фермер" æмæ "Семейная ферма"-мæ гæсгæ Цæгат Ирыстоны Хъæууон хæдзарады министрад фермертæн æххуыс кæнынæн радих кæндзæн 110 милуан сомæй фылдæр. Ацы хабар фехъусын кодта ведомствойы разамонæджы фыццаг хæдивæг МÆРЗОЙТЫ Хъазыбег.**

— Фаронимæ абаргæйæ, ацы аз фермертæн æххуыс кæнынæн дихгонд фæрæзты бæрц уыдзæн дыууæ хатты фылдæр. Бинонты фосдарæн фермæты хицæуттæ æрбарвыстой 12, райдайæг фермертæ та — 25 курдиаты. Хуыздæр фермерты рабæрæг кæндзыстæм. Бирæ азты дæргъы фосдарыны куыст чи кæны, хъæутæ бабæрæг кæнгæйæ, ахæм адæмы федтам. Фосдарджытæн дарддæр дæр æххуыс кæныныл архайдзыстæм. Стыр æргом здахæм хæрзмыггаг фос æлхæныны хъуыддагмæ, — загъта Мæрзойы-фырт.

Гранттæ райсынмæ хъавæг адæмы рабæрæг кæны профилон министрады æмæ æхсæнадон организациты минæвæрттæй, стæй парламентаритæй арæзт сæрмагонд къамис.

### Хабæрттæ районтæй

## Ног ахуыры азмæ

**Горæтгæрон районы скъолаты рæвдз цæуынц 1 сентябрьмæ цæттæгæнæн куыстытæ. Къæлæстæ, кабинеттæ, спортивон залтæ æмæ скъолаты хæрæндæттæ ныридæгæн цæхæр скалдтой.**

Куырттаты скъолайы цалцæггæнæн куыстытæ, фаронимæ абаргæйæ, раздæр ахицæн уыдзысты. Бæстыхайы æртæ уæладзыджы пъолтæ ахуырст æрцыдысты. Кæрты сæвæрдтой спортивон ифтонггæрзтæ. Физкультурæйы уроктæ хъарм рæстæджы ам фæцæуынц.

Сæ хæрзтæй нæма у скъолайæн йе 'ддаг бакаст. Чъырæй йæ рацæгъдын хъæудзæн. Ахуыргæнджыты тыхæй йыл нæ аххæсдзысты æмæ директ тагъд араздзысты сæрмагонд бригадимæ бадзырд бафысдзæн.

**ДЗУЦЦАТЫ Къоста**

## Бафæзмыны аккаг

**Кортиаты Славик йæ рæстæджы Алагиры совхоз "Коммунист"-ы тæккæ æрыгондæр механизатор уыдис, фæлæ агротехникæйы алы фæзилæнмæ дæр хистæрты æмбæрц арæхстис. Уый нæ, фæлæ ма-иу хуымгæнæнты, тауæнты рæстæг ерысы сæ разæй дæр фæцис.**

Рацарæзты рæстæг хъæууон хæдзарад бындуронæй фехæлди. Фæлæ Славик йæхи æгуыст нæ фæкодта. Фос дзидзайæн, æхсырæн хæссы. Бинонтæ — йæ хуыздæр æххуысгæнджытæ. Фосæн холлаг та сыхаг республикæйы æлхæны. Уым зынгæ асламдæр у.

Йæхимæ зæххы хай нæй, æндæр йæ продукцийы хиаргъ бирæ асламдæр уаид. Фæлæ афтæмæй дæр Кортиаты цыхт, дзидза фæлхасгæнæджы цæсты хорз ахадынц. Экологон æгъдауæй сыгъдæг у сæ продукци. Æлхæнæг ын иудадзыгдæр ис. Амалхъомады та уымæй ахсджиагдæр хъуыддаг нæй.

**Нæ уацхæссæг**

### 29 июлы — Уæрæсейы Æфсæддон-Денджызон Флоты бон

## Фыдыбæстæйы денджызон уарт

**Уæрæсейы Æфсæддон-Денджызон тыхыса Фыдыбæстæйы знæгтыл ирд уæлахизты кадимæ сæрыстырæй фæйлауы куыд Сау денджызы, афтæ Балтийы æмæ Зæххастæуы денджызты дæр. Нæ бæстæйы морякты денджызон тохты, стæй сур зæххыл дæр се сгуыхтдзинæдты тыххæй адæм бирæ таурæгътæ æмæ зарджытæ сфæлдыстой. Уырыссаг флот бирæ курдиатджын раздзæуджытæ схъомыл кодта, уыдонимæ — Дмитрий Синявин, Федор Ушаков, Павел Нахимов æмæ æндæртæ.**

Уæрæсейæн æфсæддон флот саразæг Петр Фыццаг дзырдта, зæгъгæ, дам, æфсад кæмæн ис, уыцы паддзахадæн ис иу цонг, флот дæр ма кæмæ ис, уымæн та, дам, дыууæ цонджы.

Бæстæйы денджызон флоты хæстон традицитæ сыгъдæгæй хъахъхъæдтой æмæ сыл бафтыдтой морякты фæстæдæры фæлтæртæ. Советон Æфсæддон-Денджызон Флот уырыссаг Флотæй райста, хорзæй æмæ йæм раззагдæрæй цы уыд, уый. Адæмы уарзт æмæ паддзахадон аудындзинады фæрцы Æфсæддон-Денджызон Флот Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдайæнмæ аккаг бынат æрцахста Советон гæрзифтонг тыхты иумæйаг рæнхъыты. 1941 азы 22 июны хæсты райдайæныл æххæст цæттæйæ чи сæмбæлд, Гæрзифтонг тыхты уыцы иунæг хуыз уыдис флот, уымæ гæсгæ фыццаг бонты иунæг хæстон нау дæр нæ фесæфта, знагæн фадат нæ радта нæ хæстон-денджызон базæтыл бомбæтæ æрæппарынæн, æрæппæрста цалдæр хæстон хæдтæхæджы.

76 азы размæ 1942 азы Кавказыл хæсты Ирыстон риуæмбæрц хъахъхъæдтой 34-æм, 62-æм æмæ 84-æм хицæн денджызон æхсæг бригæдты æхсарджын морякт Мæздæгæй Майрæмадагмæ. Уыцы бригæдты афицертæ Е.Емельяненко æмæ М.Туниев, не 'мзæххонтæ Цæллагты П., Цомайты В., П.Донской, Р.Хуцишвили, бынæттон цæрджытæ Быгъуылты Х., Базраты А., Гæлæбаты В.,



Базраты Т. æмæ æндæртæ равдыстой стыр лæгдзинад знаджы ныхмæ тохы.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты 600 денджызоны бæрцæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры нæмттæ, уыдонимæ не 'мзæххонтæ Къесаты Астан, Хъоцыты Къоста, Юрий Бунимович, Илья Котов, Гаджиты Алыксандр, Аркадий Селютин, Григорий Пасынков æмæ Цоколаты Геннади. Авд морякы хъæбатыры ном райстой дыууæ хатты.

Уæрæсейы Æфсæддон-Денджызон Флоты намысджын хæстон традицитæ абон дæр сæфт не сты. Лæгдзинад æмæ æхсар, хъæбатырдзинад æмæ стыр арæхстдзинад æвдисынц нæ морякт Сириаг Арабаг республикæйы Зæххастæуы денджызы акваторийы.

Кæд Ирыстонмæ денджыз дард у, уæддæр Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ азты дæр Æфсæддон-Денджызон Флоты цæсгомджынæй службæ кодтой нæ республикæйы минæвæрттæй бирæтæ. Зæгъæм, вице-адмирал С.И.Меняйло — УФ-йы Президенты Æххæстбарджын Сыбираг федералон зылды, контр-адмирал Цæллагты П.Къ., контр-адмирал Гокъинаты В.А.; фыццаг ранджы капитантæ Цориты А.Х., Г.А. Саблин, А.Н Перминов, Хъыргъаты Э.Къ., В.А Мельницкий, Дзарасаты С.Дз., Хъыбызты В.В., Гаппуаты ЮГ., Хъалабегты Б.Н., Туаты О.Д., Цхуырбаты Р.Х., Бирæгъты С.Е., Пагæты А.М.; дыккаг ранджы капитантæ В.П. Задорожный, Рæмонты А.А., Хъайтыхъты Э.П., Дзарасаты А.Дз., О.С. Ивашук, Къæбысты А.Б., Джиоты С.М., Хъуппеты И.Г., Гокъинаты В.В.; æртыккаг ранджы капитантæ А.А. Ражин, С.С.Монаков, Цихиты Ю., Зæнджиаты А., Гаглойты В., Годжиты О., Пагæты В.А. æмæ бирæ æндæртæ.

1997 азы нæ республикæ йæхимæ райста Сырхтырысаджын Цæгатаг Флоты доны бынты ленкгæнæг нау "Дзæуджыхъæу"-ыл æмцегад кæныны хæс. Уæдæй фæстæмæ æрвылаз ÆДФ-мæ арвитæм дæсгай сидтон лæппуты, уыимæ Ирыстоны сæйраг горæты æмном науы службæ кæнынмæ дæр.

Æфсæддон-Денджызон Флоты службæ кæнын уыдис æмæ абон дæр у кады аккаг. Республикæйы Ветеранты советы номæй зæрдиаг арфæ кæнын Æфсæддон-Денджызон Флоты чи службæ кодта æмæ абон дæр йæ рæнхъыты чи службæ кæны, уыдонæн се 'ппæтæн дæр Æфсæддон-Денджызон Флоты бæрæгбоны фæдыл, амондджын уæнт сæ бинонтимæ. Мæ зæрдæ сын зæгъы æнтыстдзинæдтæ сæ службæйы æмæ фæллойы цытджын Уæрæсейы æмæ уарзон Ирыстоны фарнæн.

**РÆМОНТЫ Алыксандр, РЦИ-Аланийы Ветеранты советы Æфсæддон-Денджызон Флоты ветеранты секцийы сæрдар**

### Рохæн æвгъау нæмттæ

## Цырагъдар



"Мæ къæхтыл мын дæхи быд фæсмын цъындатæ куы скодтай, дæ арм сыл куы 'рхастай, а-ма, куыд сбадтысты, зæвæт йæ бынаты ис, уый дæ фæлмæн къухтæй куы асгæрстай, уæд фыццаг хатт банкъардтон мады рæвдыд, мады ад цы у, уый..." — фыццæгты æрмæстдæр æлхынцъæрфыгæй чи каст, йæ фыдуагдзинадæй бæрæг чи дардта, уыцы лæппу ныр ралæг, йæ раздæры хъомылгæнæгæн дзырдта йæ сабидуджы ирддæр æнкъарæнты тыххæй. Сидзæр — æнæ мад, æнæ фыд чи баззад, æгоммæгæсæй кæй амыдтой, уыцы къаннæг лæппуйы æхгæд зæрдæ æдзухдæр цæттæ уыд рæвдыдмæ, узæлдмæ...

Дарæс, хæринагхъуаг не 'ййæфтой, алцыдæр сын афойнадыл бæргæ уыдис ацы сывæллæттæн. Сæ дуарæй-иу ног адæймаг куы 'рбахызт, уæдиу ын сусæг-æргомæй йæ цæстытæм кастысты, цавæр разындзæн ацы ахуыргæнæг, хъомылгæнæг та. Узæлд, рæвдыд, зæрдæйы хъарм... — хъуагдзинæдтæ цы æнкъарæнтæй æййæфтой, уыдонæй сын цымæ фæхай кæндзæн... Гуырдзæй рахæсгæ низты ахасты уæвæг, сæ рæзт, сæ æмбарындзинадмæ гæсгæ æххуысхъуаг чи уыд, уыцы сывæллæтты скъола-интернаты КОДЗЫРТЫ Хъæрæсейы чызг Тинæ ссæдз азæй фылдæр бакуыста хъомылгæнæгæй... Æрмæст ирыстойнаг сабитæ дзы нæ уыд, фæлæ иннæ республикæтæй дæр.

Æрыгон уæвгæйæ, уайтагъд бамбæрста, ацы сабитæн се стырдæр зындзинад — рæвдыд, узæлд, уарзондзинад хъуаг кæй сты, уый. Цы бон бацыд интернатмæ, уæдæй йæ хъомылгæнинæгтимæ æмдзу фæкодта, се 'хгæд, фæлæ фæлмæн, уарзæгой ныхасмæ цæттæ зæрдæтæм сын фæндæгтæ арæхстгай гæрста. Кæмæндæрты дзы ахæм уавæр уыд, æмæ сæ хиуæтты дæр нæ хъуыдысты, паддзахады æвджид сæ бакодтой. Сæ фылдæр — сидзæртæ, чи — æнæ мад, чи — æнæ фыд, æнæ цæстдардæй аззадысты æмæ сæ кастхъуагыл банымадтой... "Зæгъма, бандон, стъол, скъапп, тъахтин, — ацы хæдзары дзаумæттæ иу ныхасæй куыдæй ис бацамонæн?" — ацы фарстæн, сæ мæгуыр къуымты хъæдын дзаума чи никуы федта, уыцы къаннæг саби цы загътаид, уый нæ зыдта. Æмæ-иу "кæсынхъуаг, психологион уавæрæй йæ рæзт хуызæнæн нæу" — ахæм хатдзæг, низыхатт æрфидар кодтой сывæллоныл...

...Адæймаг йæ хæдзармæ фæскуыст куы фæтагъд кæны, уæд кæддæриддæр йæ сывæллæттыл ахъуыды кæны, цæмæ мæм скæсдзысты, зæгъгæ. Кодзырты Тинæ та хæдзармæ цæуа, æви куыстмæ — йæ хъуыдытæ æмхуызон уыдысты. Йæ хъомылгæнинæгтæ-иу йæ размæ куы ратындзыдтой, уæд-иу сæ алчидæр архайдта, цæмæй йæ арм уый сæрыл дæр æрхæсса, æрбангом æй кæна, афæрса, куыд дæ, зæгъгæ. Сæ цæстытæй-иу цины рухсытæ сæрттывтой, æнæхуыссæг æхсæвты сын цы зæрдæлхæнæнтæ фæцæттæ кодта, уыдон-иу сын куы райуæрста, уæд. Хъазæнтæ, къуымбил цъындатæ, нывджын чингуытæ, рæсугъд лентытæ, æндæртæ...

...Бадынц къæсæрыл дыууæ къаннæг лæппуйы, сæ уæрджытæ сæ къухтæй æрбатыхтой æмæ кæрæдзиимæ тæрхæттæ кæнынц. "Афтæ дын куы зæгъиккой, мæнæ дын æнæхъæн Мæскуы, цæр дзы кæнæ та Тинæ Карасеевнаимæ цæр, уæд цы равзарис?" — фæрсы иу иннæйы... Фæрсгæ та ма цымæ цæмæ кæны, дыууæйæ дæр æмдзыхæй "Тинæ Карасеевна", зæгъгæ, куы сдзырдтой, уæд... Æнæхъæн дунейы цæрджыты бауарзын, мæт æмæ сыл сагъæс кæнын кæуылты хъуыддаг у, фæлæ йыл цы хардз кæныс рæсугъд ныхæстæй уæлдай... Иу æргъæвст, йæхи мидæг чи бампылд, ахæм уд батавын, ныфс дзы бауадзын, йæ чысыл æмæ йын йе стыр æнтыстытыл зæрдиагæй цин кæнын — адæймаджы ахæм хъæздыг миниуджытæй алчи нæ вæййы æххæст... Уый у æнæзынгæ фыдæбон, æнæрайдайæн æмæ æнæкæрон архайд.

...Заманхъуйлаг Кодзырты Хъæрæсе æмæ Тедтойты Дзайнапы бинонтæ иннæты æмхуызон, дур дурыл æвæрæгау, амадтой сæ царды мæсыг. Хæдзары хицау, уæды заман гимназы ахуыргонддзинад райсгæйæ, зæрдиагæй балæууыд сæ хъæуы колхозы арæзтады. Æхсæв-бон не 'взаргæйæ, хуыздæр фидæнмæ тырнгæйæ, уыцы фæлтæр уæхскуæзæй фæллой кодтой, иумæйаг хъуыддаджы сæраппонд сæхиуыл нæ ауæрстой. 1933 азы Хъæрæсе йе 'ххуысгæнæг æрыгон лæппуимæ мыггаджы нартхор бæхуæрдонæй ластой Кæрдзынмæ. Хиды сæрты хизгæйæ, уæрдон афæлдæхт, æмæ голджытæ донмæ ныххаудысты. Хъæрæсе лæппуйы нæ бауагъта ихджын донмæ ныххизын, йæхæдæг сæ уырдыгæй февгæдта. Йæ цырыхъхъытæ ихы къуылдыхтæ фестадысты, Кæрдзыны йæ хиуæттæм куы бахæццæ, уæд тæвд доны руаджы æртадысты... Цыбыр рæстæджы фæстæ лæг æррынчын æмæ цардæй ахицæн. Йæ бинойнаг Дзайнап та баззад дыууæ æнахъом чызгимæ, Раяйыл цыдис æртæ азы, Тинæйыл та — афæдз

Фыдæбонджын сылгоймаг йæ къухтæ не 'руагъта, йæ сæрбæттæн йæ ныхыл арфдæр æрбаста æмæ хæдзар дарыныл балæууыд, чызджыты сæ къæхтыл слæууын кæнын хъуыдис. Йæ хидвæллойæ амæлттæ кодта, йæ сабиты сæр хъуыды кæнгæйæ, йæ ныфс сæттын нæ уагъта. Стæй та æппæт бæстæйыл скодтой саубонтæ, райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Уыцы уæз æрмæст нæлгоймæгтæ нæ райстой сæхимæ, фæлæ суанг рæзгæ сывæллæттæ дæр. Се 'ххуысы хай кодтой фронтæн, алцыдæр арæзт цыд уæлахизы сæраппонд. Йæ гыццыл æнгуылдзтыл цæст нæ хæцыд, афтæ-иу Тинæ йе 'мцахъхъæн чызджытимæ быдтой

> **Æнæхъæн дунейы цæрджыты бауарзын, мæт æмæ сыл сагъæс кæнын кæуылты хъуыддаг у, фæлæ йыл цы хардз кæныс рæсугъд ныхæстæй уæлдай... Иу æргъæвст, йæхи мидæг чи бампылд, ахæм уд батавын, ныфс дзы бауадзын, йæ чысыл æмæ йын йе стыр æнтыстытыл зæрдиагæй цин кæнын — адæймаджы ахæм хъæздыг миниуджытæй алчи нæ вæййы æххæст...**

цъындатæ, зæнгæйттæ. Фронтæн, алцыдæр — фронтæн.

...Уайтагъд сæ айрох сты сæ хъæлдзæг рæстæджытæ, сæ хæцъил куклатæ дæр æваст цыдæр æрбаисты сывæллæттæн. Уалынмæ Заманхъулы цæрджыты хæдзæртты æрцардысты немыц. Адæм лыгъдысты хъæдмæ, "Едзойы къохмæ". Дзайнап дæр йæ дыууæ чызджы айста йемæ æмæ уым уазал къæйты 'хсæн æрцардысты. Тухæнтæ, тарст, ихæн, æххормаг бонтæ. Мад дугъы уад, уæдæ къæбæр самал кæнон, зæгъгæ. Уыцы уæззау уавæрты 12-аздзыд Рая æндыснæгæй фæрынчын, йæ рыстæй арвмæ асинтæ æвæрдта, уæд та мыл бомбæ куы 'рхауид, цы ма акæнон, зæгъгæ-иу куыдта... Бæргæ йыл фу-фу кодтой мад æмæ хо, фæлæ кæцæй цы райстаиккой... Афтæ дæр цардбæллон чызгæй нал схицæн низ, нæ йæ бауагъта йæ рæсугъд бæллицты бæрзæдтæм схизын... Цы фæцард, уый дæр йæ хойы руаджы...

Фыдбон æмæ фыдлæг, фæзæгъынц... Фæцис æнæуынон хæст. Цардæн йæ уд йæхимæ 'рцыд. Хъæуы уынгты æрцæуы аив, хæрзконд, цъæхдзаст чызг. Йæ ных сарæзта скъолайы 'рдæм, чи йыл бамбæлы, уыдонæн салам ратты, сæ дзуапп дæр æм æхсызгонæй фæхæццæ вæййы. "Дзайнапы фыдæбæттæ нæ фæдзæгъæл сты, замманай чызг ын рахъомыл. Нæхи скъоламæ фæсинститут æрыздæхт, ирон æвзаг æмæ литературæ амондзæн", — кæрæдзийæн æй æппæлæгау дзырдтой... Æмæ куыд нæ... Сæрæн, алцæмæдæр — арæхстджын, чызг афтæ хорз ахуыр кодта институты æмæ йын цы уæлдæргонд стипенди фыстой, уымæй æххуыс кодта йæ мад æмæ хойæн. Ахуыргæнæджы дæсныйад кæй равзæрста Тинæ, уый фыццагдæр баст у, Заманхъулы скъолайы йын диссаджы зондамонджытæ кæй уыдис, уыимæ.

Куыд нæ хъынцъым кодтаид Кодзырты æрыгон ахуыргæнæг, йæ бæрны йын хистæркъласонты куы бакодтой, уæд. Æвæццæгæн æм Хуыцауæй лæвæрд курдиат уыдис, сывæллæттæн сæ зæрдæтæм фæндаг уайтагъд ссардта. Ирыстоны зындгонд поэт Чеджемты Æхсар йæ мысинæгты куыд бацамыдта, афтæмæй йæм ирон æвзагмæ уарзондзинад æрыгон ахуыргæнæг Кодзырты Тинæйы руаджы фæзынд.

Йе 'фсымæр Геор газет "Рæстдзинад"-ы йæ уацхъуыд "Рухс ссудзын базонут"-ы фыста: **"Мæнæн Заманхъулы уыдис ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Кодзырты Тинæ. Уый йæ ахуыргæнинæгтимæ (адæмимæ дæр) афтæ рæсугъд, афтæ æхсызгонæй дзырдта иронау, æмæ мæм афтæ кастис (мæ сабибонты зондæй), цыма улæфгæ дæр "иронау" кæны... Никуы йæ бахъуыд хъæрæй ныхас, уайдзæф, кæнæ домгæ дзырд. Урокмæ нын-иу йемæ æрбахаста ирон дзырды уарзт, ирон дзырды æхсызгон зæлд. Тæхуды æмæ Кодзыроны хуызæн ахуыргæнджытæ — цырагъдартæ нæ Иры дзыхъхъы бирæ куы уаид, уæд абон, æвæццæгæн, нæ ирон æвзаджы уавæр хониккам нæхи зæрдæты фæндиаг..."**

Ахæм уæздан, хæрзаив чызг рахъомыл Кодзырты хæдзары, æмæ йæ афон куы 'рцыд, уæд йæ амонд ссардта Æрчъегкаты мыггаджы. Йæ цард баиу кодта æрыгон афицер Уырысбиимæ, йæ службæйы бынатмæ иумæ ацыдысты, цардысты Пермы, Свердловскы. Ирыстонмæ сыздæхгæйæ, куыстмæ бацыд æххуысгæнæн скъола-интернатмæ хъомылгæнæгæй. Æцæг, цырагъдар уыдис Тинæ, æндæр куыд фаг кодта, куыд æххæссыдис алкæуыл дæр?! Йæ хæдзары — йæ бинонтæ, æртæ гыццыл сывæллоны, йæ рынчын хо Рая — уым цас змæлд, бæрн уыдис, уый зын бамбарæн нæу. Интернаты сывæллæттæн та йæ зæрдæйы скодта сæрмагонд хицæн бынат. Хæдзары къæсæрæй æрбахизгæйæ дæр, зилæнтæ кæнгæйæ дæр сæ кой кодта.

Интернаты-иу сывæллæтты фæхæцын кодтой алыхуызон куыстадон дæсныйæдтыл: хуыйджытæ, хилдасджытæ, хæринаггæнджытæ, лæггадгæнджытæ. Цардмæ-иу куы ракъахдзæф кодтой йæ хъомылгæнинæгтæ, уæддæр сæ бастдзинад Тинæимæ лæмæгъдæр нæ кодта. Сæ алы сусæгдзинад дæр уымæ фыстой, хуыздæр уынаффæ, хуыздæр амындддзинад сын хъуамæ чи скодтаид... Тинæйæн сæ алы æнтыстдзинад дæр уыдис цины хос. Арфдæр æм хæдзары цы ахсджиаг документтæ æмæ гæххæттытæ æфснайд уыд, уыдонимæ кæддæриддæр уыдысты йæ хъомылгæнинæгты фыстæджытæ. Къонверт, фыстæг дæр фæбурбын сты, фæлæ саухуыз пастæйæ фыстытыл рæстæг нæ фæзынд. Алагиры районæй, хохаг хъæуæй йæм фыссы Эльвирæ. Алцæмæй æмæ йæ алкæмæй фæрстытæ кæны. **"Куыд дæ хъуамæ ферох кæнон, мамæ? Куыд мæм зылдтæ, куыд мæ рæвдыдтай, уыдæттæ мемæ баззайдзысты цæргæбонты"**.

Йæхи зонынхъом куы фæцис Тинæ, уæдæй æхсызгонæй кастис газет "Рæстдзинад", раст цыма йæ хорз хæлар æмæ йе 'мдугон у, афтæ йæ нымадта. Фæстæдæр та ссис газеты æнæштатон уацхæссæг. Царды нывтæ, адæймаг адæймаг цæмæйты у, хорз æмæ æвзæр, цин æмæ хъыг, намыс æмæ чъизи — уыдæттæ йæ æрмæджыты æргомæй æвдыста. Йæ фыццаг æмæ фæстаг уарзт та — Заманхъул. Йæ алы къуылдым, йæ алы фæзилæн, йæ цæрджытæ, йæ ивгъуыд æмæ йæ абон — ахæм нуарджын, дзадджын ирон æвзагæй сæ фыста, æмæ-иу газеткæсæг дæр уыцы цауты æмæ нывты аныгъуылд. Уыцы уацхъуыдты цыбыр æмбырдгонд "Мæ Заманхъул", зæгъгæ, мыхуыры фæзынд 2015 азы. Æрмæстдæр уарзæгой зæрдæ сарæхсдзæн афтæ, хъæубæсты кады мæсыг Кодзырты Хъæрæсейы чызг Тинæ фидардæр æмæ бæрзонддæр фæкодта.

Æнустæй цы дунеæмбарынадон æрмæджытæ баззад, уыдон Ганиты Роберт æмæ Æрчегкаты Ольгæ хицæн æмбырдгондæй куы рауагътой, уæд Тинæ ирон æвзагмæ йæ тæлмац кæныныл семæ балæууыд...

Хицæн ныхасы аккаг у, Тинæ йæ уды хъарутæ æмæ æнæнцой архайды фæрцы, сæ туг — сæ хъæстæйæ кæддæр Куындыхаты Муссæимæ фæсарæнтæм чи афтыд, уыдоны фæдонтæн сæ фыдæлты зæхмæ æрбацæуынæн фадæттæ кæй скодта, уый. Уæд, 70-æм азты, уыцы хъуыддаг æнцон скæнæн нæ уыд. Туг туг у, æнустæ дæр нæ тых кæнынц йе змæлд, йæ цавдыл. Йæ фыд Хъæрæсейы фыдыфсымæртæ Алихан æмæ Сабихы цот æрлæууыдысты ирон зæххыл, æрзылдысты, сæ фыдæл кæм цард, цы фæндæгтыл цыд, уыдоныл. Кæддæриддæр сын Æрчъегкаты-Кодзырты бинонтæ уыдысты фысым, Тинæйы æрмдзæф дзы цы хъуыддагыл нæ уыд, ахæм нæ разындзæн. Афтæмæй ныр Америчы Иугонд Штатты, Сирийы, Арабаг Эмиратты, Францы, Турчы Кодзырты мыггагæй чи цæры, уыдонæн сæ фæндзæм фæлтæр фидар кæны бастдзинæдтæ сæ историон фыдыбæстæимæ.

...Цы у цард та?! Скæс æмæ ныккæс. Æрмæст дзы иутæ сæ фæстæ ныууадзынц арф, рухс фæд, ирд æнкъарæнтæ. Иннæты мæнг хæзнаты фæстæ дугъæй никæмæ æмæ ницæмæ равдæлы... Нью-Джерсийы цæрæг **Фарук Козрош**, Тинæйы зианы хабар фехъусгæйæ, тæфæрфæсы телы афтæ загъта: **"Æртæ мæйы размæ амард мæ ныййарæг мад, 2017 азы 28 июлы та амард — мæ Фыдыбæстæ, мæ уидæгтæ кæй фæрцы базыдтон, мæ уыцы дыккаг мад"**. Цæсгомы сыгъдæгдзинад, кад æмæ рæстаг уæвын Кодзырты Тинæйæн йæ царды бындур уыдысты. Сæфт не сты, уымæн æмæ сæ дарддæр хæссынц йæ чызджытæ Лянæ, Бертæ, Маринæ, уыдоны кæстæртæ...

**БУТАТЫ Эльзæ**